

## FICH ENFÒMASYON SOU SANTE VIZYON

### Poukisa vizyon enpòtan?

Timoun yo bezwen zye ki an sante pou yo fè lekti, pou yo ekri ak gade tablo a nan lekòl la. Pou yon timoun ki gen pwoblèm vizyon, li ka difisil pou li fokis epi aprann lakay li. Li ka difisil tou pou li fokis epi aprann lekòl. Li enpòtan pou trete pwoblèm vizyon yo bonè epi kòmsadwa.

### Siy ak Sentom yo

Sa ka rive timoun nan pa di w si li gen yon pwoblèm vizyon. Yo ka panse jan yo wè a se konsa tout moun wè. Men kèk siy pwoblèm vizyon yo:

- Zye wouj oswa zye k ap plede fè dlo
- Difikilte pou rete atantif
- Difikilte pou li tablo a
- Tèt fè mal oswa doulè nan zye
- Pran plis tan pase sa ki te prevwa pou fè devwa lakay ou
- Plise zye w oswa chita twò pre televizyon an

### Tès Depistaj ak Tretman

Timoun yo ta dwe fè yon tès depistaj pou vizyon chak ane. Sa ka fèt nan klinik doktè abityèl pitit ou a. Yo dwe wè yon **doktè zye** chak ane si yo te janm pote linèt.

Gen de tip eggamen vizyon:

1. Tès depistaj pou vizyon
2. Eggamen zye konplè

Yon **tès depistaj pou vizyon** se yon tès kout ki ka revele si pitit ou a gen yon pwoblèm vizyon. Abityèlman li gen ladan l timoun k ap li lèt oswa k ap dekri imaj sou yon tablo ki akwoche sou yon mi ki nan plizyè mèt distans. Kèk fwa se nan lekòl la sa fèt. Sa dwe fèt tou nan klinik doktè pitit ou a. Anjeneral, lè se yon doktè ki fè sa, y ap egzamine zye a tou pou yo gade si l gen lòt pwoblèm. Sa enpòtan pou jèn timoun yo sitou.

Se yon optometris oswa yon oftalmològ (doktè zye) ki fè **eggamen zye konplè** a. Sa se pou timoun ki pa t pase yon tès depistaj pou vizyon, oswa si doktè a oswa paran yo ap enkyete pou zye yo. Doktè zye a ap gade zye pitit ou a epi l ap mande w istorik sante pitit ou a. Y ap verifye si yo daltonyen ak si yo gen lòt pwoblèm zye ak vizyon. Yo ka ede pitit ou a jwenn preskripsyon linèt tou, si sa nesesè.

### Kisa ou ka fè?

Pitit ou a ka pa remake yon chanjman nan vizyon l. Asire w ou mande doktè pitit ou a pou fè yon tès depistaj pou vizyon chak ane oswa pi bonè si yo gen youn nan sentom ki anlè yo.